# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

विधानसभा क सीतकालीन सत्र के दौरान सरकार आजु वित्तीय बरिस दुई हजार पचीस–छब्बीस खातिर चौबीस हजार चार सौ छानबे करोड़ अट्ठानबे लाख रूपिया क अनुपूरक बजट प्रस्तुत कइलस। बजट पेस करत वित्त मंत्री सुरेश खन्ना कहले कि ई अनुपूरक बजट प्रदेस में विकास क निरंतरता बनावे रक्खल अउर बदलत जरूरत के हिसाबि से योजनन के गति दिहले के उद्देस्य से लावल गइल हौ। अनुपूरक बजट में औद्योगिक विकास खातिर चार सौ अट्ठहत्तर करोड़ रूपिया, ऊर्जा क्षेत्र बदे चारि हजार पांन सौ एक्कइस करोड़, स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण बदे तीनि हजार पान सौ करोड़ आ नगर विकास बदे एक हजार सात सौ अट्ठावन करोड़ रूपिया क धनरासि प्रस्तावित कइल गइल हौ। एकरे सथहीं महिला अउर बाल विकास खातिर पान सौ पैंतीस करोड़, चिकित्सा सिक्षा बदे चारि सौ तेइस करोड़ आ गन्ना अउर चीनी मिल क्षेत्र बदे चारि सौ करोड़ रूपिया क बजट क इंतिजाम कइल गइल हौ।

**********

विधानसभा में आजु सत्र क सुरूआत भइले के सथहीं नेता प्रतिपक्ष कोडीन कफ सिरप क मामिला उठवलें। येह पर मुख्यमंत्री जवाब देत कहले कि कोडीन कफ सिरप से परदेस में एक्को मौत नाही भइल हवे। येह सिरप क इहवां उत्पादनो नाही होत हवे। मुख्यमंत्री कहलें अबले येह मामिला में जवन जनकारी सामने आइल हवे ओकरे हिसाबि से सरकार कड़ेर कारवाई कई रहल हवे। ई मामिला में कउनो अपराधी बच नाही पाई। मुख्यमंत्री कोडीन कफ सिरप के कारोबार के मामिला में पहिले क सपा सरकार के कटघरा में खड़ा कइ दिहलें।

***मैं सदन को इस बात के लिए अश्वस्त करता हूँ कि इस मामले में जो भी अपराधी होगा। उस अपराधी के खिलाफ जितनी सख्त कार्रवाई होगी। उत्तर प्रदेश सरकार उतनी सख्त कार्रवाई करेगी। लेकिन मैं समाजवादी पार्टी से इस बारे में जरूर कहूँगा कि वह गुमराह करना छोड़े। उत्तर प्रदेश के अंदर कोई भी इससे संबंधित मौत के प्रकरण सामने अभी तक नही आए हैं और इससे कार्रवाई हमारी सरकार ने किया है। आपकी सरकार ने उन्हें लाइसेंस दिया था। उनकी इनलीगल गतिविधियों को आगे बढ़ाने के लिए समाजवादी पार्टी की सरकार ने 2012 से 16 के बीच में सारे इनलीगल कार्यो को आगे बढाया था।***

**********

विधानसभा क सीतकालीन स़त्र में राष्ट्रगीत वंदे मातरम क एक सौ पचास बरिस पूरा भइले के मौका पर आजु विसेस चरचा सुरू भइल। चरचा क सुरूआत करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि वंदे मातरम खाली एगो गीत नाही बलुक भारत के आत्मा क स्वर अउर राष्ट्रीय चेतना क मूल आधार हौ। उहां के कहलीं कि वंदे मातरम क सम्मान हमरे संवैधानिक मूल्यन आ राष्ट्रीय दायित्वन क बोध करावेला। वंदे मातरम के देस क आत्मा के जगावे वाला गीत बतावत मुख्यमंत्री एकर विरोध करे वालन से माफी मांगे के कहलें।

***जो लोग भी जाने अनजाने में आज वंदे मातरम का विरोध कर रहे हैं। इस राष्ट्रगीत का विरोध कर रहे हैं। उसका वहिष्कार कर रहे हैं। उन्हें इस देशवासियों से माफी मांगनी चाहिए।***

**********

राष्ट्रपति विकसित भारत–रोजगार अउर आजीविका मिशन–ग्रामीण जी राम जी विधेयक–दुई हजार पच्चीस के मंजूरी दे दिहलिन हइन। येह में हर वित्तीय बरिस में हर ग्रामीण परिवार के एक सौ पचीस दिनन के रोजगार क वैधानिक गांरटी दिहल जाई। येह योजना में जो त केहू के समय पर कार नाही दिहल जाई त बेराजगारियो भत्ता दिहले क प्रवधान बा।

**********

राष्ट्रीय महिला आयोग युवा शोध फेलोशिप कार्यक्रम–शक्ति फेलोशिप क सुरुआत कइले हवे। येह में भारत में महिला लोगिन से जुड़ल मुद्दन पर सोध करे खातिर नौजवान छात्र अउर सोधकरता लोगिन से आवेदन आमंत्रित कइल गइल हवे। एगो रिपोर्ट–

***इस फैलोशिप का उद्देश्य महिलाओं की सुरक्षा और गरिमा, लिंग आधारित हिंसा, कानूनी अधिकार और न्याय, साइबर सुरक्षा, स्वास्थ्य और पोषण, आर्थिक सशक्तिकरण और श्रम भागीदारी जैसे प्रमुख क्षेत्रों पर व्यापक शोध को प्रोत्साहित करना है। किसी मान्यता प्राप्त संस्थान से स्नातक की उपाधि प्राप्त किए हुए 21 से 30 वर्ष के नागरिक इसके लिए आवेदन कर सकते हैं। आयोग ने बताया कि चयनित उम्मीदवारों को छह महीने के शोध अध्ययन के लिए एक लाख रुपये का शोध अनुदान दिया जाएगा। आवेदन की अंतिम तिथि 31 दिसंबर है। दीपेन्द्र की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से जागृति शर्मा।***

**********

इग्यारह से तेरह जनौरी–दुई हजार छब्बीस ले आयोजित होखे वाला गोरखपुर महोत्सव के तैयारियन के लेके आजु मंडलायुक्त अनिल ढींगरा अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। बैइठकी में उहां के आयोजन के दौरान सुरक्षा अउर यातायात के खास इतिजाम कइले के निरदेस दिहलीं।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूर्वी जिलन में अगिला दुई दिन खातिर कुछु जगहिनि पर घना से ले के ढेर कुहेसा क एलो अलर्ट जारी कइले हवे। ढेर ठंडी आ सितलहरी के नाते जौनपुर क जिलाधिकारी कक्षा एक से आठ तक क सज्जो स्कूलन के बिहने से दुइ दिन ले बन्द रखले क आदेस जारी कइले हवें।

**********